

EASTERN SHORE RURAL HEALTH SYSTEM, INC. ENSKRIPSYON PASYAN / KONSANTMAN

ENFÒMASYON SOU PASYAN AN		ENFÒMASYON SOU ASIRANS LA	
Non Pasyan an		Asirans Prensipal	
Nimewo Sekirite Sosyal		Nimewo idantifikasyon moun ki abone a	
Dat Nesans		Dezyem Asirans	
Sèks		Nimewo idantifikasyon moun ki abone a	
Adrès Kay		MOUN POU KONTAKTE POU IJANS	
Adrès Postal		Non Moun pou Kontakte a	
Telefòn Lakay / Selilè		Telefòn Moun pou Kontakte a	
PCP			
Non Famasi a		ENFÒMASYON SOU TRAVAY	
Telefòn Famasi a		Non Travay la	
Imèl		Telefòn Travay	
		Enskripsyon Pasyan nan Pòtay la <input type="checkbox"/>	
Moun ki Responsab		Adrès Travay la	
		Mete inisyal ou la si sa kòrèk ----->	
LÒT PASYAN / ENFÒMASYON FINANSYE			
Enfòmasyon sa yo ap ede nou pèsonalize sèvis nou yo pou satisfè bezwen ou yo pi byen ak pou jwenn sibvansyon ak lòt finansman pou kontinye amelyore sèvis nou ofri yo. Mèsi davans pou asistans ou.			
Ras	<input type="checkbox"/> Endyen Ameriken oswa Abitan Alaska Natifnatal <input type="checkbox"/> Azyatik <input type="checkbox"/> Awayen Natifnatal <input type="checkbox"/> Nwa oswa Afriken Ameriken <input type="checkbox"/> Blan <input type="checkbox"/> Lòt Abitan Zile Pasifik <input type="checkbox"/> Refize fè Konnen <input type="checkbox"/> Plis pase yon ras		
Orijin Etnik	<input type="checkbox"/> Panyòl <input type="checkbox"/> Pa Panyòl <input type="checkbox"/> Refize fè Konnen		
Agrikilti / Akwakilti	Nan de (2) dènye ane ki sot pase yo, èske oumenm oswa nenpòt moun nan fanmi ou te travay nan agrikilti oswa akwakilti? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Non Travay Agrikilti / Akwakilti vle di: <ul style="list-style-type: none"> - Preparasyon, irigasyon, oswa flite jaden, pepinyè, oswa vèje; - Plante, keyi, triye, ranje, oswa transpòte fwi, pòm detè, tomat, lòt legim, grenn, nwa, plant, tabak, oublon, flè, alfalfa, zèb, oswa lòt pwodwi agrikòl; - Plante pyebwa, flè, touf bwa oswa travay nan yon pepinyè; - Travay nan yon eksplwatasyon agrikòl ki pwodui / kwaze bèt tankou poul, kana, kodenn, bèf, kabrit, mouton, chwal, chat oswa chen; - Travay nan akwakilti pou elve paloud, zwit, kokiy oswa pwason. Èske oumenm oswa nenpòt moun nan fanmi ou te viv tanporèman lwen kay nou nan de (2) dènye ane ki sot pase yo pou travay agrikòl / akwakilti? Kèk egzans se lojman, otèl / motèl, apatman, kay lokasyon, kan travay, oswa machin / kamyon / veyikil. <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non		
	Èske oumenm oswa nenpòt moun nan fanmi ou travay nan agrikilti / akwakilti pa sezon. <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Travay pa sezon vle di: <ul style="list-style-type: none"> - Lè travay ou fè yo chanje chak semèn - Revni ou chanje chak semèn - Yo voye ou chita lakay ou pou yon pati nan ane a oswa ou te gen lòt travay nan lè sa a. 		
Veteran	Èske ou te deja sèvi nan okenn branch nan militè a (Lame, Fòs Ayeryèn, Gad Kòt, Navi, Marin, Gad Nasyonak ak Rezèv)? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non		
Kondisyon w ap viv	Èske ou konsidere tèt ou san kay? <input type="checkbox"/> Wi <input type="checkbox"/> Non Si ou reponn wi pou kesyon anvan an, ki sa ki deki sitiyasyon ou nan moman an pi byen: <input type="checkbox"/> Lari/Deyò (Machin / Bato / Pak / Tant /Bilding Abandone) <input type="checkbox"/> Desann kay yon moun <input type="checkbox"/> Lojman Tranzisyonèl <input type="checkbox"/> Chèlètè <input type="checkbox"/> Lòt		
Revni kay la (pa ane)	<input type="checkbox"/> Plis pase \$ 50,000 <input type="checkbox"/> \$ 35,000-49,999 <input type="checkbox"/> \$ 25,000-34,999 <input type="checkbox"/> \$ 15,000-24,999 <input type="checkbox"/> \$ 10,000-14,999 <input type="checkbox"/> Mwens pase \$ 10,000		
Kantite moun kay la revni sa a sipòte: <input type="checkbox"/> 1 <input type="checkbox"/> 2 <input type="checkbox"/> 3 <input type="checkbox"/> 4 <input type="checkbox"/> 5 <input type="checkbox"/> 6 <input type="checkbox"/> 7 <input type="checkbox"/> 8 <input type="checkbox"/> 9+			

ENFÔMASYON SOU PASYAN AN	
Non Pasyan an	

Otorizasyon pou Pataje Enfòmasyon:

- A.** Mwen otorize pou yo pataje nenpòt enfòmasyon ki gen ladann dyagnostik ak dosye sou nenpòt tretman oswa egzamen yo te bay pasyan an (mwen menm oswa pitit minè mwen an oswa responsab legal ki site nan dokiman an) pandan peryòd swen sa a bay yon twazyèm pati moun k ap peye yo (sa gen ladann konpayi asirans yo). Mwen otorize e mande twazyèm pati k ap peye yo (sa gen ladann konpayi asirans yo) pou peye dirèkteman doktè a oswa gwoup doktè avantaj mwen ta dwe peye yo. Mwen konprann ke tyès pati k ap peye pou mwen an (sa gen ladann konpayi asirans yo) gendwa peye mwens pase bòdwo aktyèl pou sèvis yo. Mwen dakò mwen responsab pou peye tout sèvis yo te bay pasyan an. Mwen aksepte tout responsab pou nenpòt frè legal oswa ajans kolèk lajan, ki pa depase 40% depi kont mwen vin rete ak dèt yo san peye.
- B.** Mwen otorize Eastern Shore Rural Health System, Inc. (ESRHS) atravè pèsònèl ak/oswa ekip medikal apwopriye li a pou fè, bay, oswa preskri egzamen, tès, vaksen, enjeksyon ak pwosedi dyagnostik sa yo jan sa te parèt nesèsè. Mwen gen dwa refize tretman. Mwen sètifye tou ke tout enfòmasyon ki nan dokiman sa vrè epi kòrèk nan pi bon konpreyansyon mwen genyen de sa epi mwen kwè ke pa gen anyen ki te manke.
- C.** Mwen konnen seksyon 32.1-45 nan kòd Eta Virginia a fè konnen ke nenpòt lè yon doktè oswa nenpòt moun ke lopital oswa doktè yo anplwaye (oswa anba direksyon ak kontwòl yo) dirèkteman ekspoze ak likid nan kò yon pasyan pasyan an yon fason ki ka transmèt viris iminodefisyans imen aki (viris SIDA), yo pral jije pasyan an bay konsantman pou fè tès pou enfeksyon avèk viris SIDA san konsantman li nan moman an. Rezilta tès yo dwe pataje ak moun ki te ekspoze ak likid nan kò yon pasyan, menm san konsantman reyèl pasyan an.
- D.** Pou sèvis dantè yo bay nan biwo dantè ESRHS: yo Mwen otorize ESRHS pou bay swen dan abityèl tankou egzamen, restorasyon (plonbe), rasin dan, kouwòn an asye ki pa oksyde, netwayaj, antretyen espas ak rache dan. Si sa aplikab, mwen otorize ESRHS pou itilize teknik sèvis pedyatrik pou swen dan tankou kontwòl vwa, poz ak estabilizasyon dapre regleman ESRHS la (disponib sou demann) pou swen dan ki se pitit minè mwen an oswa ki sou titèl mwen an ki site nan dokiman sa. Otorizasyon sa gen ladann woutin pou swen dan jan sa dekri pi wo a nan tout anviwònman ESRHS yo avèk oswa san prezans fizik mwen. Mwen konprann dantis elèv yo ka patisipe nan swen dantè pitit mwen oswa pwòp swen dantè mwen epi se yon dantis ESRHS ki gen lisans ki pral sipèvizè li dirèkteman. Answit, mwen konprann si mwen pa vle pou dantis elèv yo trete m oswa pitit mwen an mwen pral avèti ESRHS. Tanpri mete inisyal ou _____
- E.** Pou sèvis dan yo bay nan Pwogram Sante Bouch Mobil (Traveling Oral Health Program, TOP) ESRHS: Mwen konprann swen yon Ijyen Dantè ESRHS bay pou mwen oswa pitit mwen anba sipèvizyon a distans se pa yon ranplasan pou bezwen egzamen regilye dantè nan men yon dantis.
- F.** Mwen konprann ESRHS gen yon regleman « sou lè moun nan pa prezante » (disponib sou demann) epi payan an responsab pou kenbe randevou mwen yo kòrèkteman. Mwen konprann ke ESRHS gen yon lis sou dwa pasyan ak responsabite yo ki disponib sou demann. Mwen konprann dwa mwen yo epi mwen dakò ak responsabite yo mwen genyen yo. Tanpri mete inisyal ou _____

Konsantman Pasyan Enfòmasyon Sante Pwoteje (Protected Health Information, PHI):

ESRHS bay seksyon sa pou konfòme ak Lwa 1996 sou Transfè ak Responsabite nan zafè Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA). ESRHS pral pwoteje PHI a dapre regleman HIPAA yo.

- G.** Mwen konprann Avi sou Pratik Konfidansyalite (Notice of Privacy Practices, NPP) ESRHS yobay enfòmasyon sou fason pou itilize ak pataje enfòmasyon sante pwoteje (Protected Health Information, PHI) konsènan pasyan an. Mwen te gen posibilite pou mwen egzamine avi sa a. NPP a gen ladann seksyon sou Dwa Pasyan ki dekri dwa pasyan an dapre lalwa. ESRHS rezève dwa pou chanje NPP a. Si ESRHS chanje avi a, mwen ka jwenn yon kopi revize nan kontak tetoutfwa mwen kontakte ESRHS pou mande sa.
- H.** Mwen dakò pou ESRHS itilize epi pataje PHI sou pasyan an pou tretman, peman ak operasyon pou swen sante yo. Egzanp operasyon pou swen sante yo gen ladann, men pa limite a sa sèlman, preskripsyon, laboratwa, radyografi, rekòmasyon ak konsiltasyon avèk lòt pwofesyonèl swen sante. Mwen gen dwa pou limite/anile konsantman sa a, alekri; men, si mwen mande sa, sa pa pral afekte okenn divilgasyon ke ESRHS te gentan fè sou premye konsantman an. Restriksyon yo ka afekte delè pou bay swen yo nan yon move sans. ESRHS pa oblije konfòme ak tout demann pou mete restriksyon/anile.
- I.** Mwen otorize ESRHS pou mande ak resevwa nenpòt dosye Depatman Pwofesyon Sante nan Vijini (Virginia Department of Health Professions) oswa lòt pwogram eta ki apwopriye an rapò ak sibstans ki kontwòle Kalandriye II-V la ke yo te bay pasyan an.
- J.** Mwen otorize ESRHS pou bay ak resevwa enfòmasyon konfidansyèl sou sante bay oswa nan men RxHub National Patient Health Information Network ak/oswa famasi yo jan sa egzije pou kapab bay pasyan an preskripsyon.
- K.** Mwen dakò pou resevwa mesaj nan ESRHS ki itilize yon sistèm ki konpoze nimewo telefòn otomatikman pou bay yon mesaj tèks, vokal, oswa pre-anrejistre ki kapab genyen ladan enfòmasyon ki gen rapò ak swen sante oswa konsèy sou jesyon swen sante nan nimewo telefòn mwen te bay. Mwen ka mande ESRHS pou ajiste preferans kominikasyon mwen nan nenpòt ki lè.
- L.** Responsab Legal: Si sa aplikab, mwen konprann mwen se responsab legal pasyan sa a epi mwen te bay ESRHS dokiman prèv ofisyèl.
- M.** Si sa aplikab: Mwen otorize pou pataje tout PHI konsènan pasyan an bay moun ki anba yo epitou pèmèt yo patisipe nan aktivite sou swen pasyan yo (tankou transpò pou ale ak tounen soti nan randevou, patisipe nan egzamen yo, etc.) epi konsantman pou tretman jan sa parèt nesèsè (egzamen, tès, vaksen, enjeksyon ak pwosedi dyagnostik yo). Mwen responsab pou avize ESRHS si mwen deside anile privilèj sa yo. Privilèj sa yo aplikab sèlman pou yon lane apatide dat mwen te siyen an.

Non: _____ Sa li ye pou ou: _____ Telefòn: _____
 Non: _____ Sa li ye pou ou: _____ Telefòn: _____

Siyati pasyan oswa paran/responsab legal minè a Non an lèt detache Dat